DWA VÒT OU NAN BIWO VÒT LA

KONNEN DWA OU

Lwa John R. Lewis sou Dwa Vòt nan Eta Nouyòk (Voting Rights Act of New York, NYVRA) ak Lwa federal sou Dwa Vòt 1965 la bay elektè Nouyòk yo gwo pwoteksyon. Tout elektè gen dwa vote poukont yo epi an prive.

Men dwa ou genyen lè ou ale nan biwo vòt la pou vote.

Liy Dirèk pou Pwoteksyon Eleksyon: 866-687-8683

ENSKRIPSYON ELEKTÈ

Èske mwen ka enskri pou vote menm jou a nan Nouyòk?

Non. Nouyòk pa pèmèt enskripsyon elektè menm jou eleksyon an. Men, nan eta nou an, gen yon jou kote elektè yo ka enskri epi vote an menm tan.

Nan premye jou vòt alavans lan, ki se 10 jou anvan jou eleksyon an, elektè yo ka ale nan yon biwo vòt alavans, ranpli yon deklarasyon sou sèman pou enskri, epi depoze yon bilten vòt sou sèman pandan menm vizit la.

Mwen enskri kòm yon elektè endepandan oswa kòm yon elektè yon lòt pati. Èske mwen ka vote nan eleksyon primè yo?

Non. Nouyòk gen yon sistèm eleksyon primè fèmen, sa vle di se sèlman elektè ki afilye ak yon pati ki gen kandida sou bilten eleksyon primè a ki ka vote.

Si ou vle vote nan yon eleksyon primè alavni, ou dwe chanje afilyasyon pati ou anvan 14 fevriye ane sa a (oswa pwochen jou ouvrab la si dat sa a tonbe nan wikenn). Chanjman ou soumèt apre dat sa a p ap antre an vigè toutotan eleksyon primè ane sa a poko fini.

DEPOZE VÒT OU

Èske mwen ka vote pa lapòs?

Wi. Nenpòt elektè ka mande yon bilten pou vote alavans pa lapòs sou entènèt, pa lapòs jiska dis jou anvan eleksyon an, oswa an pèsòn nan Komisyon Eleksyon Konte (Board of Elections, BOE) ou a nenpòt lè jiska lavèy jou eleksyon an. Ou ka voye bilten ou ranpli a pa lapòs oswa remèt li an pèsòn davans bay BOE oswa nan biwo vòt ou.

Mwen te mande yon bilten vòt pa lapòs oswa yon bilten vòt pou moun ki absan. Èske mwen ka toujou vote an pèsòn?

Wi, men w ap oblije depoze yon bilten vòt sou sèman. Y ap konte bilten vòt sou sèman ou an sèlman si BOE pa resevwa bilten ou te voye pa lapòs la. Si bilten ou te voye pa lapòs la rive nan BOE, se bilten sa a y ap konte.

E si gen yon pwoblèm ak machin pou vote yo?

Biwo vòt yo toujou gen bilten vòt papye pou ijans nan sitiyasyon sa a. Yo pa ka voye okenn elektè ale paske yon eskanè oswa yon aparèy pou make bilten vòt pa fonksyone. Mande yon travayè biwo vòt yon bilten vòt an papye pou ijans epi make li. Y ap eskane li lè ekipman an rekòmanse fonksyone oswa pandan kontaj ofisyèl la. Si yo di ou ale san ou pa vote, mande pou pale ak enspektè an chèf la oswa kowòdonatè biwo vòt la. Si pwoblèm nan pa rezoud, rele Liy Dirèk pou Pwoteksyon Eleksyon ak Liy Dirèk pou Pwoteksyon Eleksyon Pwokirè Jeneral Nouyòk.

E si mwen gen yon pwoblèm ak yon travayè biwo vòt?

Toudabò, mande pou pale ak enspektè an chèf la oswa kowòdonatè biwo vòt la. Gen youn nan chak biwo vòt, epi anpil pwoblèm ka rezoud tousuit sou plas. Si pwoblèm nan pa rezoud, kontakte Komisyon Eleksyon Konte ou a oswa Liy Dirèk pou Pwoteksyon Eleksyon.

Ou ka depoze yon plent fòmèl sou entènèt nan electionenforcement.ny.gov.

E si biwo vòt la fèmen pandan mwen nan liy?

Si ou nan liy lè biwo vòt la fèmen, lalwa garanti dwa ou pou vote. Si yo voye ou ale anvan ou vote, mande pou pale ak enspektè an chèf la oswa kowòdonatè biwo vòt la, epi rele Liy Dirèk pou Pwoteksyon Eleksyon.

ENTÈPRETASYON AK AKSÈ NAN LANG

Èske mwen ka vini ak yon entèprèt pou ede m vote?

Wi. Ou gen dwa vini ak yon entèprèt ou chwazi pou ede w vote, tankou yon manm fanmi, yon zanmi, yon travayè biwo vòt oswa nenpòt lòt moun ou fè konfyans pou entèprete pou ou, eksepte reprezantan patwon ou oswa sendika ou.

Èske gen entèprèt nan biwo vòt mwen an?

Dapre NYVRA ak Lwa federal sou Dwa Vòt 1965 la, anpil konte ak administrasyon lokal oblije bay èd nan lang

Pou plis enfòmasyon sou konte ak administrasyon lokal ki oblije bay èd nan lang, ale sou nyclu.org/voting-rights.

DWA MOUN KI GEN ANDIKAP

Èske biwo vòt mwen an aksesib? Ki aranjman espesyal ki disponib?

Lwa federal la egzije pou tout biwo vòt yo pou yo respekte nòm aksesibilite yo, epi pou biwo vòt yo pran sondaj sou aksesibilite a.

Elektè ki gen yon andikap ki anpeche yo sèvi ak dokiman enprime ka mande yon bilten vòt ki gen fonksyon aksesibilite pou yo make bilten yo lakay yo. Yon andikap ki anpeche yon moun sèvi ak dokiman enprime se nenpòt andikap ki anpeche moun nan li, ekri oswa sèvi ak materyèl enprime byen, tankou avèg, pwoblèm vizyon, disleksi, disgrafi, andikap aprantisaj ak andikap fizik ki limite kapasite pou ekri.

Nenpòt elektè ka mande sèvi ak yon Aparèy pou Make Bilten Vòt (Ballot Marking Device, BMD), ki se yon machin vòt aksesib ki pèmèt moun ki avèg, ki gen pwoblèm vizyon, ki gen difikilte pou sèvi ak men yo, ki gen andikap fizik oswa lòt andikap make bilten yo an prive epi poukont yo. BMD yo bay enstriksyon odyo tou pou gide elektè yo pandan y ap vote.

Si gen liy ki long nan biwo vòt la oswa lòt kondisyon ki kreye baryè aksesibilite, elektè ki gen andikap yo dwe fè travayè biwo vòt yo konnen yo bezwen aranjman espesyal.

Èske mwen ka vini ak yon moun pou ede m vote?

Wi. Ou gen dwa vini ak nenpòt moun pou ede ou vote, eksepte reprezantan patwon ou oswa sendika ou.

Èske mwen dwe bay prèv andikap mwen pou m jwenn èd sa yo?

Non. Nenpòt elektè ki mande èd gen dwa jwenn li, kèlkeswa rezon an.

ENTIMIDASYON ELEKTÈ AK AKTIVITE KANPAY TOUPRE BIWO VÒT

Kisa mwen dwe fè si mwen wè aktivite kanpay elektoral toupre biwo vòt la?

Aktivite kanpay elektoral se efò pou konvenk elektè yo vote pou oswa kont yon kandida, yon pati oswa yon kesyon patikilye. Pa egzanp, distribye feyè yon kandida, mete yon mayo ki di “wi pou Pwopozisyon X”, oswa afiche yon pankat ki di “Vote pou Pati X”.

Lalwa Nouyòk entèdi aktivite kanpay elektoral nan yon distans 100 pye ak antre yon biwo vòt. Si ou wè aktivite kanpay elektoral ki entèdi, fè yon travayè biwo vòt la konnen. Ou ka rapòte aktivite a tou bay BOE konte ou a oswa Liy Dirèk pou Pwoteksyon Eleksyon.

Kisa mwen dwe fè si mwen sibi oswa wè entimidasyon elektè?

Tout elektè gen dwa vote lib epi nan kondisyon ki jis, san yo pa pè entimidasyon. Entimidasyon elektè – ki sèvi ak fòs, vyolans oswa presyon, oswa menase fè sa, pou anpeche yon moun vote oswa pou enfliyanse fason li vote – se yon krim dapre lwa eta a ak lwa federal. Si ou sibi sa oswa ou wè sa, rapòte li tousuit bay yon travayè biwo vòt la epi rele Liy Dirèk pou Pwoteksyon Eleksyon.

LAPOLIS AK ICE NAN BIWO VÒT YO

Poukisa gen lapolis nan biwo vòt mwen an?

Ou gen menm dwa pou vote san zafè entimidasyon lapolis oswa nenpòt lòt moun. Si konpòtman yon ajan lapolis fè ou santi w entimide oswa anpeche ou vote, rapòte sa menm jan ou t ap rapòte nenpòt lòt entimidasyon elektè.

Nan Vil Nouyòk, lalwa egzije pou yo voye omwen yon polisye oswa yon ajan lapè nan chak biwo vòt. Se yon egzijans lalwa; sa pa vle di gen yon pwoblèm. Wòl yo se fè respekte règleman yo, tankou entèdiksyon aktivite kanpay elektoral nan yon distans 100 pye, se pa poze kesyon

Èske mwen dwe pwouve sitwayènte mwen lè m ap vote?

Sòf si w ap ranpli yon bilten vòt sou sèman, ki se yon fòm enskripsyon elektè ak yon bilten vòt ansanm e ki mande elektè a deklare sou sèman li se sitwayen ameriken, ou pa oblije pwouve oswa pale sou estati sitwayènte ou nan biwo vòt la. Ou pa bezwen montre pyès idantite tou pou vote.

Ki dwa mwen genyen si ajan ICE yo nan biwo vòt mwen an?

Lwa federal entèdi deplwaye ajan federal ki gen zam ale nan biwo vòt yo. An 2026, Eta Nouyòk te adopte yon lwa ki entèdi ajan federal fè arestasyon sivil pou imigrasyon nan biwo vòt san yon manda yon jij siyen oswa yon òdonans tribinal. Alafwa Lwa federal sou Dwa Vòt la ak NYVRA trete entimidasyon ajan ICE yo menm jan ak nenpòt lòt entimidasyon elektè.

Si ou wè ajan ICE nan biwo vòt ou a, rapòte sa bay Liy Dirèk pou Pwoteksyon Eleksyon an.

LIY DIRÈK AK RESOUS

Liy Dirèk pou Pwoteksyon Eleksyon:
866-687-8683

Pwokirè Jeneral Nouyòk Liy Dirèk pou Pwoteksyon Eleksyon:
866-390-2992

NYCLU.ORG/VOTING-RIGHTS

NYCLU
ACLU of New York
www.nyclu.org